

Interview with Frisner Augustin by Lois Wilcken

East Flatbush, Brooklyn, 12 March 1999

Teaching Methods

LW: Frisner, di moun yo jan w montre moun, ki metòd ou swiv pou montre moun bat tanbou.

FA: Oke, *but* metòd mwen swiv pou montre moun bat tanbou, premye metòd la se pran san w. Pran san w pou ou kapab swiv liy sa w ap bat la. Paske nan lesan tanbou a nou gen fè a pou nou respekte, nou gen bas la pou nou respekte, nou gen boula pou nou respekte, nou gen segon pou nou respekte, manman pou nou respekte. Paske yo chak fè yon bagay diferan. Se tout moun sa yo ki ansanm ki pou fè mizik la dwat.

Paske si pa egzanp w ap bat ibo, yanvalou, kongo, petwo, se tout sa m sot lonmen yo, ki pou ansanm ki pou fè yo, rit la mache. Donk, si w pa respekte tout bagay sa yo, ou p ap kapab bat yanvalou a jan pou ta bat li . Konprann? Donk, e sa k fè m toujou di elèv yo pran san yo, piga yo twò vit. Ou konprann? Pou yo di bon, m vin aprann tanbou se tanbou m bezwen. Non, si w pase pa premye baay yo, premye baay se fè a avèk segon an avèk bas la avèk boulaye a, e fè ki fè manman vin alèz li menm. Oke?

LW: Oke, so poukisa ou kwè se enpòtan pou kenbe rasin yo?

FA: Bon. Sa k fè m wè se enpòtan pou kenbe m wè, se rasin sa, ou konprann, ki kreye avèk nasyon ayisyen an paske depi m piti [inaudible] Boukman, Makandal, Bwa Kayiman... Ou konprann? Donk, m wè lè pa egzanp y ap esplike m istwa de Bwa Kayiman, donk, m wè se rasin nan e tanbou a. Ou konprann? Rasin nan se tanbou a. Son plant ki p ap janm deboulonnen. Ou konprann? Paske tout nasyon gen rasin pa yo tout peyi gen rasin pa yo, donk, tankou m wè rasin Ayiti, bon, mwen menm m sipoze fè yon efò pou kenbe li, nan tèleka m son tanbouyinè. Ou konprann? Paske tanbou a se kankou kè ou li ye. Paske si pa egzanp yon peyi pa gen tanbou a ladann, son peyi ki *boring*. Ou konprann? Donk, se menm jan tou tanbou a m respekte l tankou kè yon moun. Ou konprann? *Heartbeat*. Ou konprann? Donk, se sa k fè m wè rasin nan...

Donk, m sipoze montre moun ni lè fè pou rasin nan toujou ap fleri, menm si mwen menm vin pale avè w. Paske m te gen ansyen tanbouinè lontan ki te rele Tiroro, donk li pa t kite yon rasin li menm. Donk mwen menm vin *learn*, m vin aprann de rasin. Ou konprann? [inaudible] vwayaj mwen m pase anpil kote. Ou konprann? Mwen wè rasin yon peyi se mizik li. Ou konprann?

LW: Poukisa li enpòtan pou kenbe rasin yo Ozetazini osnon nan Noukòk?

FA: Bon, enben, paske kote w ap viv, rasin avè w tou. Ou konprann? Kèlkeswa peyi ou pase, w al avèk rasin. Ou pase...rasin nan nan men ou li ye. Se kè ou lè fini se sonje ki kote ou soti ou menm. E ki kote ou prale. Ou konprann? Si pa egzanp ou antre isit, ou di konsa, bon, m pa vle, m pa vle kilti ayisyen an. E se ayisyen ou ye. Ou ap pral chaje pwoblèm, paske ou pral aprann

yon lòt kilti. Ou konprann? Ki pa nan sans ou menm. Ou konprann? Paske sans pa w la se kote w soti a. Paske mwen menm, kòm mwen menm di ou se ann Ayiti m soti se akòz de rasin nan tou, ki fè m fè tout vwayaj yo. Tout kote m pase yo a isit Nouyòk, lè m antre isit, donk, se akòz de rasin nan. Donk, si w antre isit avèk rasin nan, bon, ou di ou pa, e, ou pa bezwen rasin nan ankò, bon, kankou moun yo di son baay engra li ye. Ou konprann? Yon engra, ou pa konn kote ou soti menm. Ou konprann? Donk kèlkeswa peyi m pase, m toujou avèk ti bout balenn nan nan pòch mwen, ou konprann? Paske m konnen leswa ou limen balenn ou, ou mande Bondye pou dòmi byen, lè fini ou mande lesen, lespri Marasa yo. Donk, ifò rasin nan toujou fleri. Kèlkeswa moun mwen rankontre. Men rasin mwen, rasin mwen se kilti a, ou konprann?

LW: E poukisa li enpòtan pou etranje aprann kilti ayisyen?

FA: Bon, enben monchè, etranje kap aprann kilti ayisyen an, son bagay yo vin dekouvri nan ta de kilti ayisyen an. Pasekè epòk lè m antre Nouyòk nan swasanndouz, gen anpil etranje m rankontre, pou etranje yo—a lepòk lè m antre a—pou etranje yo kilti a se touye moun. Ou konprann? Pou etranje yo, laplipa etranje yo. Donk, enben se mwen menm ki antre isit kòm tanbouinè, ki mete etranje yo chita, ki esplike yo, kilti a li pa gen anyen pou l wè nan bagay touye moun. Bon, m gen yon seri de moun ki lontan ki kapab etidye yon seri de liv *black magic*. Men yo menm yo mete l nan sans pa yo. Ou konprann?

Donk mwen menm, lè m antre isit, tout etranje ke m gen avèk yo a, se mwen menm ki mete yo nan kilti ayisyen an. Paske m esplike yo kilti ayisyen an son kilti pwòp, son kilti pwòp, son kilti respè tou. Ou konprann? Donk, si pa egzanp ou antre nan kilti ayisyen an, bon, w ap vin renmen frè ou, w ap vin renmen sè ou, w ap vin renmen fanmi ou, paske kilti a li menm se te yon jenerasyon. Se sa k fè li kòmanse menm baay nan tanbou a, menm baay nan mizik yo. Chak chante k ap chante pou yon rit se yon nasyon li ye. Ki vle di lè moun yo antre nan afè tanbou a, yo wè non sèlman rit la bèl, lè fini yo konprann rit la tou, bon, yo ta renmen l kòm bèl, paske lè pa egzanp m bay yo leson tanbou, yo pa janm wè m touye bèt. Yo pa janm wè m touye moun. Ou konprann? Paske yo te gen nan tèt yo Vodou ayisyen se touye moun. Ou konprann? Se *kill animal*. *But we, you know, I got, uh, uh, uh, uh...* nou touye animal nan seremoni, bagay serye. Paske se menm jan tou, lè w ap fete fèt—

LW: Animal, li bay fòs.

FA: Yah, lè w ap fete fèt pou yon espri, ou sipoze fè manje pou espri a. Se menm jan lè m ap fete fèt pou mwen menm. M sipoze, ou konprann, touye bèt mwen menm. M gen dwa touye kabrit, m gen dwa touye kochon, m gen dwa touye mouton, tout bagay. Baay se sa m vle fè pou fèt pa m. Ou konprann? Men moun yo menm mete li sou sakrifis sèlman. Yo mete tout kilti sou sakrifis. Yo pa fouye ki sa k devyen sakrifis sa, sa fè lè pa egzanp mwen rankontre avèk Lois Wilcken, lè fini *go* chita pou nou pale pou nou mèt wè klèsisman, ou konprann, sou anpil mo di te kap tande de Makandal, kap tande de Frisner Augustin, ou konprann, k ap fè entèvyou a Frisner Augustin nan *New York Time or whatever*, nou pa janm di yo konsa kilti nou a se moun nou touye. Nou toujou di yo konsa nou sove moun okontrè. Nou sove moun, nou pa nan touye moun.

Sa k fè menm lè yon moun pa egzanp, bon, ta pedi djòb li pa egzanp, nou kreye yon fason take care tout moun konn nou konnen yo pou nou jwenn yon bon oungan ki pou rezoud pwoblèm nan pou tèl moun. Ou konprann. Paske nou la pou nou ede, nou pa la pou nou detwi. Ou konprann? Ki vle di se sa k fè tout ameriken blan sa yo m gen la yo k ap vwayay avèk mwen, yo etidye, yo wè kilti a son kilti de fòs li ye. Ki fè yo vin aprann mwen.

LW: Dènyè kesyon sa se ki siyifikans tanbou ayisyen gen pou ou?

FA: Pou mwen? Bon. Enben, tanbou ayisyen an, lè w di ayisyen, ou di Frisner. Lè w di tanbou, ou di Frisner. Ki vle di, tanbou a, se mwen menm, m wè se tanbou a. Paske, ou konprann, tanbou, m kreye a tanbou a. M kreye a tanbou a, ki vle di— Ou di m ki siyifikans tanbou a genyen a—m genyen de tanbou a. Se sa w di m. E mwen menm se mwen mwen ki kreye tanbou a. Ki vle di m kreye tanbou a pou fè pou plezi, paske m ap sonje epòk lè m te ann Ayiti timoun. Enben pwoblèm sa w wè k ap pase ann Ayiti yo, tout pwoblèm ou tande, sa ap touye sa, sa rayi sa, sa— Enben, epòk pa m nan, m pa t konn mete l konsa. Epòk pa m nan, se te plezi moun nan te bezwen. Ou konprann. E te plezi l te bezwen. [recording paused for phone call]

Donk, lè pa egzanp mwen menm, m te timoun, lè fini m wè tout granmoun ki te granmoun pase m yo, e sou plezi yo te kanpe a lepòk. Sou plezi. Donk, se sa k fè m premye fwa m te konn—m kòmanse ap bat tanbou, se son bokit, se son bokit yo voye m pran dlo, lè fini, bon, se tèlman m ba yo plezi enterese mwen. Donk se nan plezi nou kanpe. Men peyi Ayiti, donk, pwoblèm k ap pase nan peyi Ayiti kounye a, bon, lontan moun yo te plis kanpe sou plezi. Lè w ap gade epòk Kanaval, monchè, m pa t kappa chita yon sèl kote, bay plizyè moun pou ap rele m vin bat tanbou. Ou konprann? Lè w tande fèt Madigra— Paske e te baay ki te genyen paske ann Ayiti kounye a, bon, yo di w Kanaval. Men epòk pa m nan gen kouri Madigra, Madigra ki vle di gen Chaloska, gen moun ki abiye an fi, gen machann fèy, ou konprann?

Donk, tout jan de baay sa yo, gen anpil timoun ki pèdi yo. Gen anpil timoun ki pèdi baay yo paske tout baay sa yo se nan plezi a yo ye. E plezi a, gen granmoun ou konn wè y ap bat tanbou nan ti mamit, ou konn wè moun y ap bat tanbou sou yon bwat katon, ou konprann? Ki vle di, bon, yo te vin kenbe istwa, pa egzanp, pou l te vin konprann baay yo pou m wè seremoni Bwa Kayiman, yo esplike de li menm. Donk, m wè tanbou a se li menm ki kè ayisyen. Tanbou a kè ayisyen. Ou konprann? Paske, paske epòk lè m te piti, lè pa egzanp m al nan kòwòt, baay Pwotestan, yo bat tanbou tou. Ou konprann? Yo te bat tanbou tou, yo te bat yon gwo gwo kès, kankou [inaudible]. Ki vle di, lè w ale, bon, yo fè yon kafe, yo fè yon biskwit, baay sa yo manje, men kounye a m wè baay yo, m pa wè yo ankò. Ou konprann? Donk, m ta swete baay sa yo ta retounen yon lè pou—osinon pou moun ta pale de yo tankou mwen m ka pale avèk Lois te ansyen lontan. Ou konprann? Lontan ki sa k te pase lè m te timoun esplike timoun yo kounye a, paske timoun kounye a m wè— Donk, nou fè plizyè vwayay, mwen menm avèk Lois, tankou m wè yo pèdi anpil bagay. Gen de lè nou konn pote mab pou yo, Lois konn achte mab pote pou timoun yo. Ou konprann sa m di w la? Donk, e, se sa k fè mwen menm kenbe tanbou a pou yon lè pou timoun yo ka pale de Frisner.

LW: Oke, mèsè anpil, ala pwochenn

FA: Oke.